ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№142 (23.300) ● 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 23, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр илъэс 95-рэ зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ Іэуэхуэр гъэхьэзырыпымрэ ахэр егъэкІуэкІынымкІэ къыізэгъэпэщакІуэ комитет зэщІэгъэуІэн икІи абы хэтхэр къащтэм мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. КъыізэгъэпэщакІуэ комитетым хуэгъэувын 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр илъэс 95-рэ зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ Іэуэхуэм захуэгъэхьэзырыпымрэ ахэр егъэкІуэкІынымкІэ планыр зэхилъхьэу къыщІэну.

3. Къару имыІэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм шыщхьэуІум и 3-м къыдигъэкІа Унафэ №88-РГ-м.

4. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м
№58-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м къыдигъэкІа Унафэ №58-РГ-мкІэ къыщытащ

2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр илъэс 95-рэ зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ Іэуэхуэр гъэхьэзырыпымрэ ахэр егъэкІуэкІынымкІэ къыізэгъэпэщакІуэ комитетым

хэтхэр

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іыр *(къыізэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІщ)*

Говоров С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр *(къыізэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Жанатаев С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэр *(къыізэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэщ, зэгурыІуауэ)*

Алэкъей А. М. - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Алътуд Ю. Къ. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іэуэхущ Іапіэм и ректорыр *(зэгурыІуауэ)*

Амщокъуэ Ф. Къ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр

Гуэшы З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министрыр

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэмкІэ и министрыр

Къэзанш Л. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Къалэ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэр зезыгъакІуэр

Канунников В. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщІыпІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Къудей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр *(къыізэгъэпэщакІуэ комитетым жэуап зыхь и секретарщ)*

КІурашин А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ и управленэм и унафэщІыр

Лыхъ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрыр

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Ромашкин И. К. - къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

ТекІушэ А. А. - Щэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

Тутыкъу А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхуэр Іэнатіэкіэ къызэрэпощьнымрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министрыр

Уянаев К. Хь.-М. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Хъущт А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрыр

Щоджэн Щ. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив къулыкъущІапІэм и унафэщІыр

Ячный И. В. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Путин Владимир и унафэкІэ къаІэрыхьэнущ Налшык къалэм дэт психоневрологие диспансерым и унэр зэрэпэщыжыным трагъэкІуэдэну ахъшэр

Дыгъуасэ Путин Владимир Іэ щІидзащ Президентым и гъэтІылъыгъэ фондым щыІэ ахъшэ узыншагъэр хъумэнымкІэ Іуэхущ Іапіэхэм яхуэхэным теухуа унафэм.

Абы ипкъ иткІэ республикэм сом 17.987.400-рэ хьэІэрыхьэнущ, Налшык къалэм дэт психоневрологие диспансерым и унэр капитальнэу зэгъэпэщыжыным трагъэкІуэдэн папщІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

КІыщокъуэ Алим ягу къагъэкІыж

Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ КІыщокъуэ Алим и цІэр зезыхьэ уэрамым тет и фэеплъым деж, гъэ къэси хуэдэу, цІыхушхуэ щыізэхуэсащ, усакІуэр къызэралъхурэ илъэсищырэ тІурэ щрикъум ирихьэлІэу.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Битокъу Владимир**, Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Алэкъей Арсен**, гъуэздджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэр, жылагъуэ, политикэ Іуэху зезыхьэхэр, цІыхубэ усакІуэм и гуащІэр фІыуэ зыльлагъуэхр, ирагъэблагъэхэр.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** пэкІур къыщыізэІуихым, зэхуэсахэм ехъуэхъуащ КІыщокъуэ Алим къыщалъхуа махуэмкІэ икІи жиІащ усакІуэшхуэм и лъэпкым хуищІам папщІэ фІыщІэ зэрыхуэфащэр, къыщІэна тхыгъэхэм, усэхэм щІэупщІэшхуэ зэраІэр.

КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ и правленэм и тхьэмадэ **Беппаев МутІэлип** и псалъэм къыхихыгъэщащ жэуаплныигъэ зыпылъ къэрал къулыкъушхуэ зыбжанэм пэрыта КІыщокъуэр дэнэ щымыпсэуами къыщалъхуа Щхьэлыкіуэ къуэжэр зэи ягу зэримыхуар, псэуху абы зэрыхуэпэжар, усакІуэр захуагъэм и дамыгъэ зэрыхуар. Беппаевыр къеджащ КІыщокъуэм и зы усэ.

ТхакІуэ, тхыдэдж **Опрышкэ Олег** пищащ КІыщокъуэ Алим теухуа гукъэкІыжхэм, псалъэ гуапэхэм. Абы къыхигъэщащ усакІуэм и Іэдакъэщ Іэкіхэм адыгэ, союзэпсо литературэхэр зэрагъэбеяр, цІыхубэм фІыуэ ялъэгъуа, щІэныгъэшхуэ, зэфІэкІ ин зыбгъэдэлъа, къэралым и цІыхушхуэу щыта тхакІуэм и зэманым зэрыхихыбыдам зэрыригушхуэр. УсакІуэшхуэм и гъащІэм и къеКІуэкІыкІамрэ и гуащІэмрэ ятеухуа Іуэхугъуэхэм щытепсэпыхыхым Опрышкэ жиІащ:

- КІыщокъуэм и тхыгъэхэм, и усэхэм къызэщІаубыдэ и Хэкум и тхыдэр. Абыхэм куэдым ухуразгъаджэ, ухуаузэщІ, языныкъуэ и усэхэр уэсят пэлъытэу къытхуигъэнащ. Балъкъэр усакІуэшхуэ Кулиев Къайсын и гъусэу КІыщокъуэр Хэку зауэшхуэм щыІащ, 115-нэ Кавказ шуудзэм хэтащ, абыхэм яку дэлъа зэныбжьэгъугъэр дэркІэ щапхъэщ.

Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Гъут Іэдэм** къытеуІыІащ КІыщокъуэм и романхэм, псом хуэмыдэу «Льапсэ» романыр зэрыкупщІафІэм, къыщІэна тхыгъэхэр иджыри яджыну, зэпкърахыну кьаззэрыпэщылъым, усакІуэм и цІэр щІоблэм ящымыгъупщэу, абы и щІыхькІэ зэхьхьэ гъэщІэгъуэнхэр, щІэщыгъуэхэр кьызэрагъэпэщу зэрекІуэкІынур и фІэщ зэрыхъум.

Щэджэм районым щыІпІэ самоуправленэмкІэ и советым и унафэщІ **Уэдыжь Хьэсанш** жиІащ КІыщокъуэ Алим лъэпкъым хуищІам и мыхьэнэр ящызэрыІуэтэгъуейр, абы и тхыгъэхэр адыгэ литературэм и хъугъуэфыгъуэ зэрыхъуар, усакІуэр лъэпкъым и къуэ пэжу, жылагъуэ лэжьакІуэ нэсу зэрыщытар.

Утым и деж КІыщокъуэм и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэм щедэІуащ.

ЗэІущІэр и кІэм щынэблагъэм, КІыщокъуэ Алим и фэеплъым удэ гъэгъахэр тралъхьащ, абы хэтахэр кІуащ КІыщокъуэ Алим къыщалъхуа, щыщІалъхьажа Щхьэлыкіуэ къуажэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Шыбзыхъуэ Астемыр** *триХащ.*

● Дыгъуасэ

● Зэгурыіуэныгъэхэр

ФокІадэ мазэм Іэ щІадзынущ

Урысеймрэ Китаймрэ ягъэхьэзыращ полиэтиленте-рефталат къыщыщІагъэкІыну Etana (ПЭТФ) завод Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщаухуэнум теухуа генеральнэ зэгурыІуэныгъэ. ФокІадэм и 4-5-хэм Китайм и Ханчжоу къалэм щекІуэкІыну G-20-м я саммитым а тхылъым Іэ щыщІадзынущ.

2015 ГЪЭМ и дыгъэгъазэм КъБР-м и Правительствэм, «Этана»-м и лІыкІуэхэм, Китайм и къэрал корпорацэхэм республикэм и щІыналъэм промышленнэ комплекс къыщыізэгъэпэщыным теухуа зэгурыІуэныгъэ зэращІылІауэ щытащ. ПЭТФ, терефтал, серчэ уксусхэр щагъэхьэзырыну иджырей предприятэхэр, апхуэдэу псы кьабзэ щрагъэхъуэну, транспорт зэпыщІэныгъэхэр зэкІэлъызыгъэкІуэну Іэнатіэхэр хэту, Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуэну промышленнэ комплексым и проектым и инвестицэ уасэр зэрагъэбелджылам кьыхэкІыу, Китайм и компаниехэм проектыр зэрыдаІыгъыр КНР-м и Лъэпкъ энергетикэ администрацэм щызэхуагъэкІуащ. Проектыр щагъэзащІэкІэ зэрызэдзлажьэнум теухуа генеральнэ зэгурыІуэныгъэр ягъэхьэзыращ, дызыхуэкІуэ фокІадэ мазэм Китайм абы Іэ щыщІадзыну я мурадщ.

Etana проектым ерыскъы промышленностымрэ промышленность псынщІэмрэ заригъэужьынущ, республикэм и экономикэм инвестицэ щхьэхуэхэр хуэзщІэгъэуІуэныкІэ, Іэнатіэщ Іэу щІигъу къызэІухынымкІэ сэбэп хъунущ, бюджет лІэужьыгъуэ псоми халъхьэм хэпщІыкІыу хигъэхъуэнущ.

ТАСС хъыбарегъащІэ агентств.

● Атлетикэ псынщІэ

Кучинэ Марие Урысейм и Кубокыр къехь

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменкэ цІэрыІуэ Кучинэ Марие щытекІуащ Урысейм и Кубокыр атлетикэ псынщІэмкІэ къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм.

МЭЗКУУ областым хыхьэ Жуковскэ къалэм и «Метеор» стадионым бадзэуэгъуэм и 21-м Кучинэр еІуанэ бгъэдыхьэгъуэкІэ ельащ метри 2 лъагагъым икІи къэралым и Кубокыр зыІэригъэхьащ. Абы къыкІэлъыкІуэ, Алтай крайм щыщ Аксёновэ Наталье зэрыдэлъеифар 1 метррэ сантиметр 88-кІэщ.

ІэщІагъэлІхэм зэрыщІэлъытэмкІэ, мы лъэхъэнэр зэрыщІидзэрэ зи зэфІэкІхэм хэзыгъахьуэ зэпыт Кучинэм и ехьулІэныгъэхэр кьыгуэхьпІэ имыІэу епхащ абы и тренер Габрилян Геннадий зэхигъэува зэрызагъэсэ тактикэм.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Хэгъуэр йокІуэкІ

«Псынэдахэ» СХП-м япэ хэгъуэр щаублащ.

МЭКЪУМЭШЫЩІЭХЭР иужь ихьащ бжьыхьэсэ хьэпщІир къехьэлІэжьыным. Гектари 135-м трасат сыткІи ягъэунэхуа икІи ди щІыпІэм фІыуэ къыщыкІ «Рубеж» хьэпщІий лІэужьыгъуэр. Уэлбанэ кІыхьыр зэран къахуэхьуами, хэгъуэр и чэзум яублащ: япэщІыкІэ хьэсэхэм я хъуреягъыр комбайнкІэ ящІащ, мафІэсым щыхьума хъун папщІэ.

«Псынэдахэ» мэкъумэшыщІэхэм кьадоІэпыкъу ЯтІэкъуэ кьикІа комбайнёрхэу Кьардэн Анзоррэ Унэшхуэлі Чэримрэ. ХьэпщІийр къайхъулІащ, зы гектарым хуэзэу центнер 45-рэ кьытрах.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Сабийхэм загъэпсэху

Хуэмыщіахэм зыщіагъакъуэ

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зэриихьэу Бахъсэн дэт курыт еджапІэ №2-м къыщыізэрагъэпэща гъэмахуэ лагерым щыІа цІыкІуэхэм загъэпсэхуауэ, я нэгу зиужьауэ я унэ екІуэлІэжахэщ.

ІэПКЪЛЪЭПКЪЫМ зезыгъэужь гимнастикэмкІэ я махуэхэр къыщІэзыдза сабийхэм нэрылъагъуу я узыншагъэр ефІэкІуащ. Абы кьыхьыхьэжьрт щІэх-щІэхьуэ ирагъэкІуэкІ спорт зэхьэзэхуэхэмрэ акъылым зезыгъэужь джэгукІэ гъэщІэгъуэнхэмрэ. Кьимыдэкіэ, сабийхэр жьы кьабзэм хэту дунеяплъэ кьрашэкІа нэужь, «дыгъэ ваннэхэр» хуащІырт. ЦІыкІуэхэр лагерым зэрыщыІа маззм хуиту кьагъэсэбэпащ школым и спорт, актовэ пэш зэпэщхэр, щхьэнтІагъэр щыкуэд еджапІэ пщІантІэр.

ГъэсакІуэхэм я зэфІэкІ псори ирахьэлІащ еджакІуэхэм загъэпсэхуным кьыдэкІуэу, Іэпщіэлъапщіагъэмкіэ дерсхэр ягъэхьэзырыным. Гъэсэнхэм я Іэкіэ ящІа хьэпшыпхэм я гъэлъэгъуэныгъи ирагъэкІуэкІащ.

Лагерым нэхьбэу мы гъэм зыщызыгъэпсэхуар бынунагъэушхуэхэмрэ хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэмрэ я сабийхэрщ. Ахэр тэмэму ерыскъы кьэуатхэмкІэ кьызэрагъэпэщащ, уеблэмэ езы цІыкІухэм ягу кьыжьа шхыныгъуэхэр щыхуагъэхьэзыр щыІэу. Щэч хэлъкъым абыхэм я кьарур зэрыубыдауэ гъэ еджэгъуэр зэраублэжьынум.

Лэскэн щІыналъэм щыщу сабий 1000-м щІигъу хунэсащ мы гъэм гъэмахуэ лагерхэмрэ сабий санаторрхэмрэ зыщагъэпсэхуну.

Псом хуэмыдэу сабий куэд щыІащ Арщыдан кьужьжьм и «Псынэ» гъэмахуэ лагерым. Маззэ кьэс мыбы сабии 100-м зэуэ зыщагъэпсэхуф. Гъэмахуэ псом лэжьыну лагерым куэду щыІэщ бынунагъэушхуэхэм кьахэкІа сабийхэр. Мэзыкум хэт мы зыгъэпсэхупІэ дахэм щыІэ жьы кьабзэр дэтхэнэ зы сабиймкІи куэд и уасэщ.

Налшык дэт «Кавказ» санаторэми сабии 100-м я узыншагъэр щрагъэфІэкІуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гъавэ-2016

Центнер 40-м щІигъу

Бахъсэн щІыналъэ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и къудамэм къызэритамкІэ, Кьыщпэк къуажэм щызэрахьа бжьыхьэсэ хьэм щыщу ягъ гектар 50-р Іуахьыжащ. Дунейм и кьэхъуэкъащІэхэм я зэран екІами, хьарзынэу зиужьащ, кьекІуэкІыгъуэ къэс центнер 30-м щІигъу къытекІащ.

ПСЫХЪУРЕЙМ а бжьгъэр центнер 40-м щыцІопкІ. Апхуэдэу Бахъсэнёнкэ, Куба къуажэхэми хьэцэпцэр къыщрахьэлІэж. Псэлэу кьызэрабжамкІэ, гектарым хуэзэу центнер 40-м щІигъу къыщІалъхьэ.

Мы гъэм районым и гъавэгъэкІэхэм хьэцэпэцэр гектар 2609-м щыІуахьыжынущ. Мыгувэу гуэдз хьэсэхэми хьыхьнущ. Нэгъаби хуэдэу, мэкъумэшыщІэхэм кьэкІыгъэхэр егугъуу зэрахьащ. Хьэсэхэр тэмэму ягъэхьэзыращ, щыгъэпшэрхэр, кьэкІыгъэхэр зыхъумэ хущхъуэхэр и чэзум халъхьащ, жылапхъэфІхэр кьагъэсэбэпащ.

Крем-Константиновскэ къуажэм и гъавэгъэкІэм, хамэ кэрал комбайн лъэщхэмкІэ, горохыр лъахъшэу икІи фІагъышхуэ хэлъу паупщІауэ, кьыщІалъкІыуРэ, Іыхьпі эм ирагъашэ.

ЧЫЛАР Аринэ.

Жэмал и щапхъэ

● Хьэрычэтыщіэхэр

Иужьрей илъэсхэм гулъытэ ягъуэт уней Іуэхущ Іапіэ мыин къызэІуэхъ хьэрычэтыщІэхэм.

МЫ ЗЭМАНЫМ зызыужьхэм хабжэ Боттаев Жэмал къызэІуихэ Іуэхущ Іапіэу ерэн щащІыр. Мыбы зы махуэм шэуэ 1 тонным щопэжь, ерэным нэмыщІа, къъуейпІалъэ, шатэ, шатэпс, къъуей зэмылІэужьыгъуэу 20-м нэблагъэ къыщІагъэкІ. Иджыблагъэ Іэфыкіэ щащІ цех къызэІуахащ. ГъэшхэкІымрэ Іэфыкіэмрэ Москва, Санкт-Петербург, ди гъунэгъу республикэхэм ирегъашэ.

Боттаевым дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, ищІыпсту ухуэныгъэшхуэхэр ирагъэкІуэкІ: мыгувэу къызэІуахынущ цехи 3 щагъэлжьэну псоуалъэ ин. Абы линэу 4 лажьэу щаутІыпщынуц икІи ерэн къудейуэ лІэужьыгъуэ 15-м нэблагъэ къыщІагъэкІыну я мурадщ.

Іуэхущ Іапіэр мы гъэм хэтынущ «Урысейм и хьэпшып, ерыскъыгъуэ нэхъыфІу 100» урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэмрэ КъБР-м и Іэтащхьэм и саугъэтыр кьэхьныным теухуауэ екІуэкІ зэхьэзэхуэмрэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Футбол

Псори фыдогъэблагъэ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизион
Ещанэ джэгуГъуэ
«Спартак-Налшык» - «Сокол» (Саратов)
Налшык. «Спартак» стадион.
Бадзэуэгъуэм и 23. Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.

■ Щэнхабзэ зэІущІэхэр ■ Хъыбарыщіэхэр
КЪЭБЭРДЕЙ
■ Юбилей ■ Малъхъэдис

●Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Къалэм и къабзагьыр абы щыпсэухэм елъытащ

**Налшык къалэм и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къудамэм и унафэщI Зэлымкъан Аслъан, парким и унафэщI Тембот Артур, къалэ администрацэм и нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэм и къудзэ Сыжажэ Валерий, администрацэм щэнхабзэмкIэ и управленэм и деж щыIэ жылагьуэ советым и тхьэмадэ Шымэзокъуэ Валерий, къалэ администрацэм потребительскэ рынокымкIэ и управленэм и унафэщI Къущхьэ Мурат, къалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и управленэм и унафэщI Токъуий Мадинэ, къалэ администрацэм физкультурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я Iэхэу щIыналъэ администрацэм и унафэщIым и къудзэ Энеевэ Лизэ сымэ.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, администрацэм тхьэусыхафэ куэд къыIэрохьэ къалэ паркыр зэрыфIейм, тетIысхьэпIэхэр сэхуран кIамПIэхэм зэрыщIагьанэм, абы щыIэ сату щыпIэхэм щагъэува уасэхэр къалэм къыщекIуэкI уасэхэм нэхъ рэ куэдкIэ зэрынэхъ иным теухуауэ. Апхуэдэу къатх зекIуэпIэ нэхъыщхьэхэм лъабхъуэрыгьажэхэм тесхэр зэран зэрыщыхьыр, МафIэ мыужьыхьым деж я Iэр шияуэ лъэIуакIуэ куэд зэрыщызэхэтыр, аэрэ нысашэхэм зэран зэрахуэхьр.

А псоми ялкъ итклэ зэIуцIэм къыщацта унафэр паркыр зэIуэпIэщ щIыным, къалэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ къабзагьэм хуэгъэсэным хуэгъэзауэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр къэгъэсэбэпыным, уасэхэм якIэлъыплъыным, зыхуэфащэ тхылъхэр ямыIэу зыгъэпсэхупIэхэм сату щемыгъэщIыным хуэгъэзащ. Мы IуэхуР ябзыхун папщIэ лэжьакIуэ гуп зэщIэгъэуIуэн хуейуэ къалъытащ, Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъущIапIэм, Къэрал кIуэцI IуэхуХэмкIэ министерствэм, Налшык къалэм и щIыналъэ администрацэм потребительскэ рынокымкIэ и управленэм, щIалагьуэ зэгуэныгьэхэм я лIыкIуэхэр хэту.

● Егъэджэныгъэ

КъБКъУ-р къыхах

КъБКъУ-м и ректор Алтуд Юрий иджыблагъэ яхуэзащ Прохладнэ, Май районхэм щыщ ныбжьыщIэхэм. «УпщIэ - жэуап» щытыкIэм иту къыIэрагъэпэща зэIущIэр гуапэу, купщIафIэу екIуэкIащ.

ЕджапIэ нэхъыщхьэм и пресс-IэнатIэм и лэжьакIуэ Шал ФатIимэ хъыбар хуэзэрыдирэщIамкIэ, ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ щыгъуазэ хуащIащ зыщIэупщIэ, яфIэхьэлэмэт псоми. Ректорыр абыхэм яхутепсэлъыхьащ КъБКъУ-м щекIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм.

- ЩIэныгъэ куу зэгъэгъуэтыным и закъуэкъым ди студентхэр зэIалIэр, атIэ едэжным къыщыдэхуэ зэманыр гъэщIэгъуэну, купщIафIэу ирагъэкIуэкI, - къыхиГъэщащ Алтудым. - Ахэр жьыджэру хэтщ ди республикэм, Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм, Урысей псом щекIуэкI зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм, увыпIэфIхэри къыщIахь. Ди гуапэ хьунущ апхуэдэ щIалэгъуалэ жьыджэрхэм фэри факъыхьыхьэмэ.

Абитуриентхэмрэ адэ-анэхэмрэ зыщIэупщIэхэм ящыщыт студентхэм шхапIэу, псэупIэу, зыгъэпсэхупIэу яIэнухэм епха Iуэхугъуэхэр, апхуэдэу стипендием и куэдагьэр зэлъытамрэ еджапIэр къэзыуха Iэщагьэлэжьэр Iэнатlэкlэ къыщыгъэпэща зэрыхьумрэ. Псалъэмакъым нэхъ жьыджэру хэтахэм ящыщ прохладнэдэс Кирпа Виктор, КъБКъУ-м и пединститутым щIэтIысхьэну зызыгъэхьэзырым, Алъутдым гу льитащ икIи и гуапэ хуэщ апхуэдэ щIалэ акъылыфIэхэм щIэныгъэ зрагъэгъуэтын папщIэ ди университетыр къызэрыхахыр.

Зэхуэзэм и кIэухыу ныбжьыщIэхэм тыгъэ хуащIащ тхылъхэр.

ТАМБИЙ Линэ.

● Гу зытъытапхъэ

Махуэ къэс

Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм и унафэщIэхэр щыгъуэхэм махуэ къэс щаIуощIэ Байсултановым и уэрам, 11 «а» хэщIапIэм.

СЫХЬЭТ 18-м щыщIэдзауэ 21-м нэсыху цIыхухэм ямаIуощIэ абыкIэ жэуап зыхь къулыкъущIэр.

Полицэм и къудамэхэу №91-м (Нэгумэм и уэрам, 47), №2-м (Къэбэрдей уэрам, 193 «а»), УФ-м и МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм щыхуэзэм щаухуэзэ махуэ хэсэ сыхьэти 10-м щегъэжьауэ.

ИпэкIэ зебгъэтх хъунущ мы телефонымкIэ: 49-43-97.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ IапIэ.

● Бадзэуэгъуэм и 23-р Сатум и лэжьакIуэм и махуэщ

ЩIакхъуэгъажьэ

Илъэс къэс бадзэуэгъуэм и еплIанэ щэбэтым Сатум и лэжьакIуэм и махуэр ягъэлъапIэ. 2013 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкIа Указ №459-мкIэ ар хащIащ. Мы гъэм а махуэр бадзэуэгъуэм и 23-м хуоэз.

Уэрышкъуэ Руслан

ЗЭРЫТЩIэщи, сатум ди гъащIэм увыпIэшхуэ щеубыд, экономикэм зрегъэужь, щIыналъэхэр зэпещIэ, абыхэм я зэдэлэжьэныгъэр ирегъэфIакIуэ.

Зэрыная Iуэщи, а Iуэхум щIакхъуэгъажьэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащI. Гъэм и сыт хуэдэ лъэхъэнэми абыхэм я лэжьыгъэр зымащIэкIи къэтIасхъэркъым, хьэку пщтырым бгъэдэту я ерыскъы берычэтымкIэ цIыхухэм яхуогуапэ. СССР къэралыгъэр якъутэжа нэужь, Русийрэ и дэнэ щIыпIи хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым сатум и Iэнатlэхэр зэрыщекIэкIуауэ щытар нэхъыжьыуэхэм фIыуэ ящIэж. Дызыхуаша Iуэху зехьэкIэ зэIумыбзым и зэранкIэ, щIакхъуэ заводхэр зэхуащIыжат, Iэщ Iагъэлъ Iэзэхэр лэжьыгъэншэ хъуат. А щытыкIэр фейдэ хэхьапIэ зыщIыну зи мурадхэр куэду къэунэхуат, я фIагъыми, я къэуатми емылIалIэу къуэдзапIэ гъэрхэм щагъэжьа щIакхъуэр транспорт фIейкIэ зэбграшырт. Ди гуапэ зэрыхъунщи, а Iуэхур зэтрагъэувэжащ, пщалъэм къратIэтIэсэжащ, хабзэ гъэувам тету, хьэрхуэрагъыр и лъабжьэу лэжьыгъэр къэзэрагъэпэщ. Абы и щыхьэтщ «ЩIакхъуэр - мамырыгъэщ» зыфIаща зэпеуэшхуэр 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 28 - 30-хэм Налшык зэрыщрагъэжьыкIар. ЩIакхъуэ гъэжьэныжьмкIэ япэ Кавказ Кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм хэтащ Осетие Ищхьэрэ - Аланиеи, Ингушыи, Краснодар краим, Къэбэрдей-Балъкъэрым я лIыкIуэхэр, Урысейм и щIакхъуэ гъэжьапIэхэм, Iэфlыкlэ зыгъэхьэзыр предприятхэм, а Iэнатlэхэм папщIэ Iэмэпсымэхэр, сырыр, шинэхъхьэхэр къыщIэзыгъэкIэкIэм я унафэщIхэр. ЩIакхъуэ гъэжьэкIэм и щэхуэм щыкIалъэгъэплъа а зэпеуэм ди республикэм щыщхэм бжьыпIэр щаубыдауэ щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIакхъуэгъажьэхэм апхуэдэ зэфIэкI зэрагъуэтыжар а Iуэхур къыдэзыхьжа Iэщ Iагъэлл Iэзэхэм я фIыгъэщ. Абыхэм ящыщщ Налшык дэт «Оазис» тыкуэнышхуэм и щIакхъуэ гъэжьапIэм и къызэрагъэпэщакIуэ Уэрышкъуэ Руслан.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм хьыхь Светловодскэ къуажэм къыщалъхуа щIалэм зыдэплъеинрэ щапхъэ хуэхъунрэ и гъунэжт. Нэхъыжьхэм я лэжьэкIэр, я цIыху хэтыкIэр и дерс наIуэти, еэыри гуащIафIэу къэхъурт. Школ нэужьым шофёр Iэщ Iагъэм хуоджэ, дзэ къыкIуэр зэпэщу кърехьалIэри, гъащIэм жьыджэру хохьэ.

- ЩIакхъуэ гъэжьэным и Iуэхум сыхэзышар, абы сытезыгъэгушуар си къуажэгъу икIи си ныбжьэгъу ХьэIупщы Iэниуарщ. Къэралыр щытыкIэ хьэлъэм къихутэри, щIакхъуэ гъэжьапIэхэри хэту, Iэнатlэ псори зэтещхат. Дагъэшхыр зыгъэхьэзырри, зыщIэри гурыIуэгъуэтэкъым. ЩIакхъуэ дыдэм и мэ гуакIуэр тщыгъупщжьым нэсат. Ар къэтлъытэри, мы Iуэхум яужь дихьащ икIи зы махуи дыхущIегъуэжакъым, «Оазис» тыкуэныр къызэрызэIуах лъандэрэ хэдгъахьауэ зэпыту долажьэ, - жеIэ Руслан.

Дауи, екъулIэныгъэр езыр-езыру якIуэркъым. Абы зэманрэ къарууэ куэд токIуадэ. Псом япэу, и ныбжьэгъум щIыгъуу, мывэ щхьэл щыкуэд Украинэм кIуэри, ахэр зыхуэдэр, я лэжьэкIэ-хьэжакIэр, я гъэпсыкIэ-зэтеуэгъэкIэр кууэ яджащ, къагъэсэбэп хьэжьагъэм и фIагьыр,ар зыхуэдэм зыхагъэгъуэзащ, я къуэаткIэ, я гурыхьагъкIэ хьэпапэрей щIакхъуэмрэ иджыпеймрэ зэрызэхуэкIуэр зэпалъытащ. Апхуэдэу Франджым кIуэри, щIакхъуэ зэтеуIэщыкI теплъэ зиIэ круассанэм, нэгъуэщI лэужьыгъуэхэм я гъэхьэзырыкIэм кIэлъыплъащ, я «щхьухэр» зрагъэщIащ. Ахэр япэу республикэм гъэжьэн щыщIадзар Уэрышкъуэм и цехырщ. Къагъэсэбэпыр хьэжьагъэ хэплъыхьащ. Ар Ставропольем, щIакхъуэхэкIэлъхьэ сэхуранымрэ джуныгумрэ (лён) Алтай крайм къраш. Тхъуий щхьэнтIэр хуабжьу къэуатщ. Абы хьэлыуэ теплъэ зиIэ хьэлвэ къыхащIыкI. КъищынэмыщIауэ, полбэкIэ зэджэ щэрджэс гуэдзри къагъэсэбэп. Ар къэкIыгъэ къабзэщ, щыкъуей цIыкIущ, апхуэдэ зы къэпыр махуитIкIэ яхьэж. Полбэ хьэжьыгъэкIэ ящI кашэр и мыужьыгъэ узынщагъэм дежкIэ сэбэпщ. Тхъу, тхъу гъэвэжа, шху щIыгъуу пщэдджьыжькIэрэ зышхым гуэхыдэж егъуэт, гъуэгу тетыр игъэмэжалIэркъым. Руслан и щхьэлым къыщIэкI щэрджэс гуэдз хьэжьигъэм щIэупщIэшхуэ иIэщ. Сыту жыпIэмэ, щIакхъуэ къыззрыгуэкIыр зэмызэгъэкэм ар хущхъуэ яхуохъу.

- Ди мывэ щхьэлыр си Iэкlэ згъэуващ. Мазищым щIигъукIэ селэжьами, хуабжьу сыщогуфIкIыж. Илъэсибгъу хъуауэ сэбэпышхуэ къытхуохъу. СССР-м и зэманым щыIа чырбышыфIэкIэм хуэдэкIэ ди хьэкуэр къищIыкIащи, абыхэм телъу щIакхъуэхэкIхэр догъажьэ. ЩIакхъуэгъэтэдж зыхэмылъ пщагъэ гъэхьэзырыкIэ къэдгупсыщ. Иджы ар фокIэ зыдохъуэкI. Апхуэдэ пщагъэр зэIыхьэнукъым, зэкIуэкIынукъым, зэпымыууэ къэбгъэсэбэп хъунущ. Алтай щIыналъэм фIагъышхуэ зиIэ зэнтхэ къыдошри, дохьэж. Пасэрей китай рецепткIэ дгъэхьэзыр шейм зэнтхэ хьэжьигъэ, шатэ, шыгъу зэхуэкIуэу хьдолъхъэри, фIы гуэр мэхъу, гурыхьыр ираф. Джуныгу (лён) дагъэр узынщагъэмкIэ щхьэпэщи, ари хъарзынэу къыдогъэсэбэп, нартыху хьэжьгъэми ерыскъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхьдощIыкI. ХуэнщIей зыхэлъ хьэжьигъэ пхъашэкIэ адыгэ щIакхъуэ догъажьэ. Ар лэжьыгъэ гугъущи, махуэм къриубыдэу плIыщI хуэдиз тхуэгъэхьэзыру аращ. Мы махуэ гъунэгъуэм макарон кьащIэдгъэкIыу зэтедублэнущ. Ар къызыхэтщIыкIынур «Дурум» хьэжьгъэ лIэужьыгъуэрщ. Макароным лей лъэпкъ хэлъынкъым. Iэмэпсымэр зэтедухуащ, гъэгъущIапIэр хьэзыр зэрыхьуу, линэр едгъэзыхьнущ, - къыхиГъэщ Руслан.

ЛэжьапIэм икIыжжэм хуабэу здахьын хуэдэу, хьэжьигъэ зэхэлъкIэ пщыхьэщхьэ щIакхъуэ ягъажьэ. ЦIыхухэр есащи, ар хъарзынэу ящхху. Цехым и пщафIэхэмрэ и щIакхъуэгъажьэхэмрэ I0щIым нызэрохьэсри, зэуIуу кьалэнышхуэ ягъэзащIэ. Уэрышкъуэр хуабжьу яхуэарэзыщ Iуэхур зэпIэзэрыту кьыззэзыгъэпщ и лэжьэгъуэр Мэремыкъуэ Жанна, ХьутIэ Джульеттэ, Гелястанова Лейлэ, Акъущэ ФатIимэ, Сабий Джульеттэ сымэ, нэгъуэщIхэми. И щIалитIыр и Iэщ Iагъэм зегъэгъуэзэри, ахэри щIэгъэкъуэныфI къыхуохъу. Руслан и гуп зэкъуэтыр республикэм къыщIихалъхьэ псапащIэ Iуэхуэм жыджэру хэтщ, унагъуэшхуэхэм, хуэмыщIахэм зыщIагъакъуэ, я щIакхъуэхэкIхэр сымаджэщхэм хурагъашэ. «Гумызагъэм и гуэн изщ» - жаIэркъэ! Ар зыхуэгъэзар Уэрышкъуэм хуэдэхэщ - и махуэр Iуэхуфlкlэ гъэнщIащи, лэжьыгъэр докI, Iэнатlэр йофlакIуэ.

И пщIэр иныгъыжу зэманым дэбакъуэм и насыпщ. Уэрышкъуэ Руслан а хабзэм тету къоГуэгурыкIуэри, адэкIиefIэкIуэну, и мурадхэр къехъулIэну, езыми, зыхэт гуп дахэми я махуэм нэхъри зыдауэщIыну ди гуапэрэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Тэрч щIыналъэ

Псыр псэхэлъхьэжщ

Тэрч къалэм и гуэлыр къыззрызэIуахыжар «Нептун и махуэ» зыфIаща театр гъэлъэгъуэныгъэхэмкIэ ягъэлъапIащ.

ЩIЫНАЛЪЭ администрацэм щэнхабзэмкIэ, щIалэгъуалэ жылагьуэ щIэхуэхэмкIэ, гъэсэныгъэмрэ щхьолщIыб лэжьыгъэхэмкIэ и къудамэхэм зэкъуэту къыззрагъэпэща Iуэхур нэгуэшыжьу екIуэкIащ. Абы къырихьэлIа къалэдэс сабийхэри балигъхэри дихьэхыу едэIуащ псыежэхэхми, гуэлхэми, тенджызхэми я пащтыхьу къалъытэ Нептунрэ абы щIыпIэ Псыхъуэ Гуащэхэмрэ къаIуэта хъыбархэм, щIыуэ дежкIэ псым иIэ мыхьэнэм теухуауэ жаIам.

Махуэшхуэр щIыуэпсымрэ ар хъумэн зэрыхуеймрэ теухуа концерткIэ иухащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 23, щэбэт

♦Джейхэмрэ хыкхъуэхэмрэ я дунейпсо махуэщ. 1986 гъэм ягъэуващ, а псэущхьэхэр илъэс 200-м щIигъукIэ гущIэгъэнушэу зэрызэтраукIам и зэранышхуэ дыкъэзыухъуреихь дунейм зэрекIам игъэгуэавэри. Абы лъандэрэ джейхэр къаубыдыри, я ныр ящэуи ядэркъым.

♦УФ-м щагъэлъапIэ Сатум и лэжьакIуэм и махуэр

♦Абхъазым и Къэрал ныпым и махуэщ.

♦Осетие Ипщэм и хъыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ. Абы щыгъуэщ дунейм къыщытехьар ялэ осетин газетыр - 1906 гъэм Владикавказ къыщыдэкIыу щIидзащ «Ирон газет» («Осетинхэм я газет») жыхуиIэм.

♦1687 гъэм Париж кIуащ Урысейм и ялэ посольствэм щыщIащ Iэщыжьэнухэр.

♦1881 гъэм Льеж (Бельгие) къалэм къыщыззрагъэпэщащ Гимнастикэмкlэ дунейпсо федерацэр - дунейм щыяпэ спорт зэгуэныгьэр.

♦1903 гъэм «Форд» корпорацэм ялэ автомобиль къыщIигъэкIащ.

♦1930 гъэм Москва авиационнэ институт къыщызэIуахащ.

♦1985 гъэм къэралым и дзэхэм хагъэхьащ Iэщэ лIэужьыгъуэщIэ - «Тополь» ракетэхэр.

♦1992 гъэм Абхъазым и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кIэщтащ Куржым къыщызэрыгуэкIым икIи къэрал щхьэхуит зэрыхъум теухуауэ.

♦Урыс усакIуэ, критик **Вяземский Пётр** къызэралъхуэр илъэс 224-рэ ирокъу.

♦Совет усакIуэ-уэрэдыс **Матусовский Михаил** къызэралъхуэр илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Совет усакIуэ-уэрэдыс **Матусовский Михаил** къызэралъхуэр илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Совет щIэныгъэлI, генерал-майор, тхакIуэ, жылагьуэ лэжьакIуэ **Нэхущ Мырзэбэч** (2010 гъэм зэпеуэгъуэм и 28 - 30-хэм Налшык зэрыщрагъэжьякIар. ЩIакхъуэ гъэжьэныжьмкIэ япэ Кавказ Кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм хэтащ Осетие Ищхьэрэ - Аланиеи, Ингушыи, Краснодар краим, Къэбэрдей-Балъкъэрым я лIыкIуэхэр, Урысейм и щIакхъуэ гъэжьапIэхэм, Iэфlыкlэ зыгъэхьэзыр предприятхэм, а Iэнатlэхэм папщIэ Iэмэпсымэхэр, сырыр, шинэхъхьэхэр къыщIэзыгъэкIэкIэм я унафэщIхэр. ЩIакхъуэ гъэжьэкIэм и щэхуэм щыкIалъэгъэплъа а зэпеуэм ди республикэм щыщхэм бжьыпIэр щаубыдауэ щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIакхъуэгъажьэхэм апхуэдэ зэфIэкI зэрагъуэтыжар а Iуэхур къыдэзыхьжа Iэщ Iагъэлл Iэзэхэм я фIыгъэщ. Абыхэм ящыщщ Налшык дэт «Оазис» тыкуэнышхуэм и щIакхъуэ гъэжьапIэм и къызэрагъэпэщакIуэ Уэрышкъуэ Руслан.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм хьыхь Светловодскэ къуажэм къыщалъхуа щIалэм зыдэплъеинрэ щапхъэ хуэхъунрэ и гъунэжт. Нэхъыжьхэм я лэжьэкIэр, я цIыху хэтыкIэр и дерс наIуэти, еэыри гуащIафIэу къэхъурт. Школ нэужьым шофёр Iэщ Iагъэм хуоджэ, дзэ къыкIуэр зэпэщу кърехьалIэри, гъащIэм жьыджэру хохьэ.

- ЩIакхъуэ гъэжьэным и Iуэхум сыхэзышар, абы сытезыгъэгушуар си къуажэгъу икIи си ныбжьэгъу ХьэIупщы Iэниуарщ. Къэралыр щытыкIэ хьэлъэм къихутэри, щIакхъуэ гъэжьапIэхэри хэту, Iэнатlэ псори зэтещхат. Дагъэшхыр зыгъэхьэзырри, зыщIэри гурыIуэгъуэтэкъым. ЩIакхъуэ дыдэм и мэ гуакIуэр тщыгъупщжьым нэсат. Ар къэтлъытэри, мы Iуэхум яужь дихьащ икIи зы махуи дыхущIегъуэжакъым, «Оазис» тыкуэныр къызэрызэIуах лъандэрэ хэдгъахьауэ зэпыту долажьэ, - жеIэ Руслан.

Дауи, екъулIэныгъэр езыр-езыру якIуэркъым. Абы зэманрэ къарууэ куэд токIуадэ. Псом япэу, и ныбжьэгъум щIыгъуу, мывэ щхьэл щыкуэд Украинэм кIуэри, ахэр зыхуэдэр, я лэжьэкIэ-хьэжакIэр, я гъэпсыкIэ-зэтеуэгъэкIэр кууэ яджащ, къагъэсэбэп хьэжьигъэм и фIагьыр, ар зыхуэдэм зыхагъэгъуэзащ, я къуэаткIэ, я гурыхьагъкIэ хьэпапэрей щIакхъуэмрэ иджыпеймрэ зэрызэхуэкIуэр зэпалъытащ. Апхуэдэу Франджым кIуэри, щIакхъуэ зэтеуIэщыкI теплъэ зиIэ круассанэм, нэгъуэщI лэужьыгъуэхэм я гъэхьэзырыкIэм кIэлъыплъащ, я «щхьухэр» зрагъэщIащ. Ахэр япэу республикэм гъэжьэн щыщIадзар Уэрышкъуэм и цехырщ. Къагъэсэбэпыр хьэжьагъэ хэплъыхьащ. Ар Ставропольем, щIакхъуэхэкIхэлъхьэ сэхуранымрэ джуныгумрэ (лён) Алтай крайм къраш. Тхъуий щхьэнтIэр хуабжьу къэуатщ. Абы хьэлыуэ теплъэ зиIэ хьэлвэ къыхащIыкI. КъищынэмыщIауэ, полбэкIэ зэджэ щэрджэс гуэдзри къагъэсэбэп. Ар къэкIыгъэ къабзэщ, щыкъуей цIыкIущ, апхуэдэ зы къэпыр махуитIкIэ яхьэж. Полбэ хьэжьыгъэкIэ ящI кашэр и мыужьыгъэ узынщагъэм дежкIэ сэбэпщ. Тхъу, тхъу гъэвэжа, шху щIыгъуу пщэдджьыжькIэрэ зышхым гуэхыдэж егъуэт, гъуэгу тетыр игъэмэжалIэркъым. Руслан и щхьэлым къыщIэкI щэрджэс гуэдз хьэжьигъэм щIэупщIэшхуэ иIэщ. Сыту жыпIэмэ, щIакхъуэ къыззрыгуэкIыр зэмызэгъэкэм ар хущхъуэ яхуохъу.

- Ди мывэ щхьэлыр си Iэкlэ згъэуващ. Мазищым щIигъукIэ селэжьами, хуабжьу сыщогуфIкIыж. Илъэсибгъу хъуауэ сэбэпышхуэ къытхуохъу. СССР-м и зэманым щыIа чырбышыфIэкIэм хуэдэкIэ ди хьэкуэр къищIыкIащи, абыхэм телъу щIакхъуэхэкIхэр догъажьэ. ЩIакхъуэгъэтэдж зыхэмылъ пщагъэ гъэхьэзырыкIэ къэдгупсыщ. Иджы ар фокIэ зыдохъуэкI. Апхуэдэ пщагъэр зэIыхьэнукъым, зэкIуэкIынукъым, зэпымыууэ къэбгъэсэбэп хъунущ. Алтай щIыналъэм фIагъышхуэ зиIэ зэнтхэ къыдошри, дохьэж. Пасэрей китай рецепткIэ дгъэхьэзыр шейм зэнтхэ хьэжьигъэ, шатэ, шыгъу зэхуэкIуэу хьдолъхъэри, фIы гуэр мэхъу, гурыхьыр ираф. Джуныгу (лён) дагъэр узынщагъэмкIэ щхьэпэщи, ари хъарзынэу къыдогъэсэбэп, нартыху хьэжьгъэми ерыскъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхьдощIыкI. ХуэнщIей зыхэлъ хьэжьигъэ пхъашэкIэ адыгэ щIакхъуэ догъажьэ. Ар лэжьыгъэ гугъущи, махуэм къриубыдэу плIыщI хуэдиз тхуэгъэхьэзыру аращ. Мы махуэ гъунэгъуэм макарон кьащIэдгъэкIыу зэтедублэнущ. Ар къызыхэтщIыкIынур «Дурум» хьэжьгъэ лIэужьыгъуэрщ. Макароным лей лъэпкъ хэлъынкъым. Iэмэпсымэр зэтедухуащ, гъэгъущIапIэр хьэзыр зэрыхьуу, линэр едгъэзыхьнущ, - къыхиГъэщ Руслан.

ЛэжьапIэм икIыжжэм хуабэу здахьын хуэдэу, хьэжьигъэ зэхэлъкIэ пщыхьэщхьэ щIакхъуэ ягъажьэ. ЦIыхухэр есащи, ар хъарзынэу ящхху. Цехым и пщафIэхэмрэ и щIакхъуэгъажьэхэмрэ I0щIым нызэрохьэсри, зэуIуу кьалэнышхуэ ягъэзащIэ. Уэрышкъуэр хуабжьу яхуэарэзыщ Iуэхур зэпIэзэрыту къыззрызэIуах лъандэрэ жыджэру хэтщ, унагъуэшхуэхэм, хуэмыщIахэм зыщIагъакъуэ, я щIакхъуэхэкIхэр сымаджэщхэм хурагъашэ. «Гумызагъэм и гуэн изщ» - жаIэркъэ! Ар зыхуэгъэзар Уэрышкъуэм хуэдэхэщ - и махуэр Iуэхуфlкlэ гъэнщIащи, лэжьыгъэр докI, Iэнатlэр йофlакIуэ.

И пщIэр иныгъыжу зэманым дэбакъуэм и насыпщ. Уэрышкъуэ Руслан а хабзэм тету къоГуэгурыкIуэри, адэкIи efIэкIуэну, и мурадхэр къехъулIэну, езыми, зыхэт гуп дахэми я махуэм нэхъри зыдауэщIыну ди гуапэрэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Бадзэуэгъуэм и 23, щэбэт

♦Композитор, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, УФ-м и Къэрал саугьэтым и лауреат **Даур Аслъэн** къызэралъхуэр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Къэзан Хьэмзэт** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, уэрэджьIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Мирошниченкэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, критик, литературовед, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъут Iэдэм** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Адыгейм щыщ усакIуэ, тхакIуэ, драматург **Хъунэгу Саидэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 25-рэ, жэщым градус 16 - 19 щыхьэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 25, блыщхьэ

♦УФ-м Следствиемкlэ и органхэм я лэжьакIуэм и махуэщ

♦Белоруссием и мафIэсгъэнкIыфI Iуэхущ IапIэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦1472 гъэм шэрджэс кхъухь 24-рэ тенджызэ ФIыщIэм зэпрыкIри, Тыркум теуауэ щытащ.

♦1943 гъэм Прохладнэ - Налшык гъущ Iуэгур зэфIэгъэувэжыныр зэфIэкIащ.

♦1984 гъэм цIыхубз-космонавтыр япэ дыдэу хьэрышм хыхьащ. Совет космонавт Савицкая Светланэ «Салют-7» кхъухьым икIри, хьэрш зэIухам хыхьащ.

♦Иорданием щыщ къэрал, жылагьуэ лэжьакIуэ, юстицэмкIэ министру, депутату, Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Хьикмэт (МафIэдэ) Умар** къызэралъхуэр илъэси 130-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Ахьмэт Мухьэдин** къызэралъхуэр илъэс 99-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, кинорежиссёр, актёр цIэрыIуэ, РСФСР-м гъэздэжьмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Лениным и цIэр зезыхьэ саугьэтыр, СССР-м и Къэрал саугьэтыр зрата **Шукшин Василий** къызэралъхуэр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик, Адыгейм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хъут Щэмсэдин** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Публицист, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Аттаев Жэмал** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦АР-м и къэрал лэжьакIуэ, журналист, политикэ щIэныгъэхэм я доктор **КIэрашэ Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Географие щIэныгъэхэм я доктор, СССР-м и Къэрал саугьэтыр зыхуагъэфэща **Болэ Владислав** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦АР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Шапсугия» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Ныбэ Анзор** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

♦Боксёр, Олимп джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа **Хьрачэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 20 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хьэхурэ щIыхуэрэ зэIахыу хабзэжьщ.

● Фысакъ

Сабийхэр я закъуэу къэвмыгъанэ

Гъэмахуэр - ар сабийхэм фэбжь зэхуэмыдэхэр щагъуэт зэманщ, абы къыхэкIыу адэ-анэхэр я къалэнхэм зэуапIыныгьэшхуэ пылъу бгъэдыхьэн хуейщ. Сабийхэр я закъуэу унэми, транспортми, уэрамми, псы зэдэщыIэ щIыпIэхэми къыщыбгъанэ хъунукъым.

ИУЖЬРЕЙ маззм КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым сабиплI (нэхъ цIыкIу дыдэр илъэсрэ мази 9-рэ хьууэ аращ) щIэхуащ, унагъуэхэм щагъэува псыгуэнхэм итхьэлэу кърагъэлауэ. Апхуэдэу зы сабий щхьэгъубжэм къыдахуащ, абы хэль хъарыр къыIуидри. ИлъэситI зи ныбжь щIалэ цIыкIур хэхуащ и анэм игъэхьэзыр фIэлугъэхэм щIикIэну хьэкум къытрихьжа псы къэкъуалъэр зэрыт шыуаным. Сабийм и щIыфэм и процент 50-р псыбэм исащ. КъБР-м Узыншагъэмкlэ и министерствэм ар Москва игъэкIуащ, абы и сымаджэщхэм ящыщ зым къыщIэзэн папщIэ. КъыщынэмыщIауэ, Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым щIэхуащ нэгъуэщI фэбжь зэхуэмыдэхэри зыгъуэта цIыкIухэр.

- Ди гуапэ зэрыхъунщи, фэбжь зыгъуэта сабий псори къелащ, ауэ балигъхэр къыхуоджэж сабийхэр я кIэлъыплъыныгъэ щIэмыту къамыгъэнэну. Апхуэдэ къыфIэмыIуэхуныгъэм и уасэр лъапIэщ - абы къыхокI кIыхьу сабийм еIэзэнщ, ныкъуэдыкъуагъ игуэтыныр, псантхуэ узыфи къешэ. Сабийхэм я Iуэхум жэуаплынигъэ нэхъыбэ пылъу дыбгъэдыхьэмэ, гъэмахуэри шынагъуэнщэу екIуэкIынущ, - жиIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къал

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым зэІущІэ щекІуэкІащ, «Налшык-2016» зыфІаща, фестивалхэм я япэ дунейпсо кинофестивалым хыхьэу. Ар теухуауэ щытащ Кавказ Ищхъэрэм кином зыщегъэужьыным, абы теухуа Іэхэу зэІумыбзхэм, еплъыкІэхэм, гугъапІэхэм. Зэхыхьэр иригъэкІуэкІащ УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм Кинематографиемкіэ и комитетым и Эксперт советым хэт, «Кармен» кинокомпаниием и унафэщІ Трубинэ Маринэ.

ТРУБИНЭМ жиІащ зэхыхьэм къыщаІэта Іэхэум Кавказ Ищхъэрэм и дежкІэ мыхьэнэшхэу зэриІэр. Апхуэдэу ягу кьигъэкІыжащ 2009 гъэм Налшык щекІуэкІа «Кавказский мир» урысейпсо фестивалым хыхьэу УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и зэІущІэ зэхэтам зи гугъу щащІахэр - Кавказ Ищхъэрэм киноиндустриием зыщегъэужьыным, ди кьалэм киностудие къыщызэгъэпэщыным, фильмхэр техныим ахъшэ хухахыным, Іэщіагъэпіхэр егъэджэным.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кІуэдзэ **Битокъу Владимир** кинофестивалым къэкІуа хьэщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи жиІащ артистышхуэхэр ди щІыналъэм къызэреблагъар зэригуапэр, дяпэкІи апхуэдэ зэхыхьэ щхьэпэхэм пащэну зэрыщыгугъыр, иужьрей зэманым республикэм и кино гъэузджэм зэрызэрагъэужьыр, щІэупщІэ зиІэ фильмхэр щытрах зэрыхъуар.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** и псалъэм къыхиригъэщащ Налшык къалэм 3D Іэмалым тету иджыпсту зы кинотеатр зэрыщылажьэр, дызэрыт мазэм иджыри плІы абы зэрытехьэнур, 2015 гъэм КъБКъУ-м киномрэ телевиденэмрэ я режиссурэмкІэ и кафедрэм - УФ-м и цІыхубэ артист Сокуров Александр и мастерскойм - режиссёрхэр къэзырыщигъэкІар, абыхэм фильм зыбжанэ зэрытрахар.

КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм, республикэм Щэнхабзэмкіэ и фондым, «Налшык-НОТР» телекомпанием я унафэщІ **Вэрокъуэ Владимир** кинофестивалыр къыззэзыгъэпэщахэмрэ абы къеблэгъа хьэщІэхэмрэ фІыщІэ яхуищІащ.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Осетие Ищхъэрэ - Аланием нэхъапэм щыІа киностудиер иджы лэжьэжыркъым. Кавказ Ищхъэрэм кином зыщедгъэужьыну, а унэтІынигъар къэгъэщІэрэщІэжьныжьмкІэ ди зэфІэкІыр, кьарур зэкъуэдгъэувэну, абы теухуа ди Іэхэу еплъыкІэхэр утыку кьитхэну фыкъыхуэзоджэ, - захуигъэзащ Вэрокъуэм зэхыхьэм хэтхэм.

Абы къыхилъхьам арэзы техъуащ икІи фестивалыр Налшык зэрыщрагъэкІуэкІым папщІэ КъБР-м и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм я зэІущІэ илъэс зыбжанэ ипэкІэ Ингуш Республикэм щыщрагъэкІуэкІам Евкуров Юнус-бэч щыналъэм и хэхъуэм и процентищ киногъуазджэр къэгъэщІэрэщІэжьным хухихьу къыхихьэуэ зэрыщытар. Ар зэрыІэмальфІыр зэІущІэм хэтхэм яжриІащ.

УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм Осетие Ищхъэрэ - Аланием щиІэ къудамэм и унафэщІ **Гулуев Вячеслав** къэпсэльахэм жаІам арэзы техъуэу къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэм киностудие щызэфІэгъэувэн зэрыхуейр, зыбжанэрэ зи ужь ихьа а Іэхэр щхьэусыгъуэ гуэрхэмкІэ зэблэуа хъуами, иджы ар къеХъулІэну зэрыщыгугъыр, документальнэ фильм куэд щытрахыу щыта я щІыналъэм киноиндустриием и лэжьыгъэр къыззрыщІызэтеувыІэрэ илъэс 15 - 20 зэрыхъур.

«Урысей 1» къэрал телерадиокомпаниием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ, режиссёр, сценарист **Фырэ Руслан** жиІащ Кавказ Ищхъэрэм киностудие щахуэн щхьакІэ щыналъэхэм я мылъкутехникэ базэр зэрагъэуІуныр зэрыгугъур, Урысейм и мылъкым хьыхьэ ухуэныгъэ нэмыщІысауэ я Іэхэущ ІапІэм и Іэгъуэблагъэм илъэс пщІы бжыгъэ хъуауэ щыІэр ирахыу абдеж киностудие щахуэр зэрыхьунур.

Кавказ Ищхъэрэм киностудие къыщызэгъэпэщыным теухуа я Іэхэу еплъыкІэхэр къагъэльагъуэу зэхьхьэм къыщыпсэльащ УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь, «Киновек» продюсер центрым и унафэщІ **Калинин Михаил**, Кинокритикэмрэ киноведэмрэ я зэгухьэныгъэм и вице-президент **Шемякин Андрей**, УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Щэшэн Республикэм Кинематографиемкіэ и къэрал управленэм и унафэщІ, «Шэшэнфильм» продюсер Іэхэущ Іапі эм и унафэщІ **Терекбаев Беслъэн** сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм хэтхэр зэгурыІуащ Кавказ Ищхъэрэм киностудиер щыбухуэну нэхъыфІу кьалытэ щІыналъэр яубзыхуу абы и унафэ ящІыну.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● ЗэІущІэхэр

Кавказ Ищхъэрэ киностудиер Налшык щаухуэну пІэрэ?

Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зы

Налшык къалэм щекІуэкІа кинофестивалыр зэхуащІыжыным и пэ кьихуэу, абы хэтахэм республикэм и журналистхэр яІущІащ.

УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь **Новожилов Сергей** кинофестивалыр зэрекІуэкІар кьыщызэщІикъуэжьым зыуБгъуауэ кьытеувыІащ артистхэм а махуэхэр республикэм зэрыщагъэкІуам, ахэр зыхэта зэІущІэ щхьэпэхэр кьызэрызрагъэпэщам, щІыпІэ дахэхэм зэрызыщагъэпсэхуам, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр зэрызыІущам, нэгъуэщІхэм.

- Киногъуазджэм и махуэшхуэ хъуа мы кинофестивалым иджыри къыпытщэну, зедгъэубгъну сыщогугъ. Кавказ Ищхъэрэм кином зыщегъэужьыным къэралым и щэнхабзэ Іэнаіэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьонэж. Кьыхьзгъэщыну сыхуейр фи щІыналъэм и дахагъэр тельыджэ зэрытщыхьуар. Дежьэжми, гукъэкІыж Іэфіхэр здэтхьынущ, - жиІащ Новожиловым.

Фестивалым и хьэщІэхэу УФ-м и цІыхубэ артистхэу **Ливанов Аристархрэ Прыгунов Леврэ**, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Яковлевэ Маринэ**, СССР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Шевчук Ириндэ**, театрымрэ киномрэ я артистхэу **Макеевэ Анастасие**, **Гимадеев Наил**, **Колосов Максим**, **Залакс Эдийс** (Латвие), **Деннис Мур**, **Мускарэ Ирен** (Италие), режиссёрхэу **Параджанов Георгийрэ Щегольков Владимиррэ** (Урысей), **Абдыкалыков Мирлан** (Къыргъыз), адыгэхэм (шэрджэсхэм) ятеухуа фильм зыбжанэ зи Іэдакъэ къыщІэкІа продюсер, режиссёр, сценарист **Нэгъаплъэ Аскэрбий**, кинокритик, документальнэ фильм зыбжанэ зи Іэдакъэ къыщІэкІа Шемякин Андрей, УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь **Калинин Михаил** сымэ, нэгъуэщІхэми журналистхэр хагъэгъуэзащ зэхьхьэм и мыхьэнэм, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къаэзыритам, я лэжьэгъу куэд къызэрацІыхуам, киногъуазджэм дуней псом зэрызыщижьым.

Фестивалым и программэм и унафэщІ **Жуковэ Александрэ** тепсэльыхьащ дунейпсо кинофестивалым щагъэлъэгъуэну фильмхэр Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я деж щызекІуэ хабзэхэм нэхъ пэгъунэгъуу къыззрыхахам.

Кинофестивалым хэтахэм журналистхэр зыщІэупщІахэм жэуап ираташ. Режиссёрхэм псом хэмыдэу гуапэ ящыхъуащ фильмхэм еплъыну щыхуэзгъэхьэнІар, я лэжьыгъэхэм щІэупщІэ зэраІар, ахэр кьаззрыщыхьуам теухуауэ епсэльэну Іэмал зэраІар.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** зэхьхьэр кьаззрехьулІар жиІащ икІи ар кьызззыгъэпэщахэмрэ абы хэтахэмрэ псалъэ гуапэхэр яхужиІащ.

МЫЩХЪУЖЭК Лалусэ.
Сурэтхэр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

● КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ Бицу Анатолэ и ныбжьыр илъэс 70 щрикъум рихьэлІэу

Тхэ цІыхур игъащІэ псокІэ еджэн хуейщ

**Тхэкіэ-еджэкіэ сщІэ щыхъуам къыщыщІэдзауэ зыгуэркъэр зэрысхъэрт. Етхуанэ классым сыщІэсу усакІуэу зыкъэслъытэжат, литературэр фІы дыдэу зылъагъу, апхуэдабзэуи абы хэзыщІыкІ егъэджакІуэ Бэрбэч Жылэбий стахэм хэплъэри къыщытхъуати. Ебланэ классым сыщеджэу «усакІуэшхуэу» зыизбжыжат си зы усэ цІыкІу «Ленин гъуэгу» газетым къыщытрадзам. Итіанэ газетхэми журналхэми ятесКІутэу щІэздзащ си «Іэдакъэщ Іэкіхэр». «Пушкиныр къэкІуащ», - жаІэрт, редакцэхэм сыщыщІыхьэкІэ. Ар къысфІэзыщар «Ленин гъуэгум» сызыщыІущІэ Къамбий Зуфарт, игу ирихьауэ абыкІэ къызэздзэр «Іуащхьэмахуэ» журналым щыпажьэ Мысачэ Пётрт. Сыкъамылыфэ къудей мыхъуу, сэ сыфІыщІэжь цІыкІут, сыщхьэщ хъурыфэт, си набдзэхэм къытеуэу си нэбгъуитІми къехьу щхьэц утІэрэзар Іуву стетт, кІуэаракъэ, сы-Пушкин дыдэт...

ГУШЫІЭ жэмылъу жысІэнщи, Пушкин сымэ зыпэрыта Іэнатіэр зищІысри, абы пэрыувэ дэтхэнэ зыми и пащэ къыздэхуэ къалэнри, абыхэм къапэплъэри щыщІэзгурыІуар иужькІэщ. ЯпэщІыкІэ Тхьэгъэзит Зубер, итІанэ КІыщокъуэ Алим, итІанэ Сокъур Мусэрбий - абыхэм сахуэзэ, стхыхэр езгъэлъагъу, я чэнджэщ, я ущие седлуэ, я ІэхэущІэкіэ сыкІэлъыплъ, я Іэзагъэ, я акъыл зыхэслъхьэ хъуа нэхъыщ. Абдежщ щыкІуэдыжар школакІуэ щІалэ щыкІу «усакІуэр», «усакІуэшхуэр», абдежщ къыщыунэхуар иджыри Бицу Анатолэр. «Пушкиныр» зыкъомрэ кьыздэкІуэкІащ - си щхьэцыр тхъуху, икІыху.

«Усакіуэ», «Зэчий» псалъэхэр псалъэхуэщ. Ухуэсакъыпэущ ахэр кьыззрыгъэсэбэпын хуейр. Кьайсын «сыусакІуэщ» жиІэртэкъым, «стихотворещІэ» нэхъ кьищтэрт. Сэри нобэ зыкъызэрысІыгъэжыр зэрыщІыкІыгуэ «тхэн гукъыдж» зиІэ цІыхуущ... А гукъыдэжым кьежьапІэ хуэхъур мыращ, жыпІэу хэхуэу зыгуэрым укъытеувыІэфынукъым. Зыми тэмэму тщІэркъым цІыхум уэсн мурад ёзыгъэщІыр, ялэ дыдэу кьалэм кьыщІищтэр, абы езыхулІэр. Ауэ дощІэ: зэшкъызэущтэу кьалэм кьащтэркъым. Кьэзыщтэми уигу дыхьэн псалъэ къыбжиІэфынукъым. Мыри дощІэ: е гуфІэгъуэшхуэщ е гуауэшхуэщ, е лъагъуныгъэ инщ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, псэр ямылеІуэ зыгъэпІейтей, гум псэхугъуэ кьеэзымыт гупсысэ, Іэхугъуэ гуэрщ уэз псалъэ къэзыгъэщІыр. ГъащІэр апхуэдэ Іэхугъуэ защІэу зэхэльщ, аращ тхакІуэ, усакІуэ нэсым и кьалэмыр куэдым щыІыпІэІэсри.

Мыри щыізгъэжьынщ. Сэ сыкъызыхэхъукІа унагъуэр искусствэм (фэ «Гъуаздж» жывоІэ) пэІэщІэкъым. Си анэ Гуащэ-гьагъ пшынауэт, си адэ Мурат адыгэ уэрэдыжьхэр фІыуэ илъагъурт, дахэу жиІэрт. Си кьуэш нэхъыжь Бабий сурэт ищІырт, «си щхьэм щхьэкІэ» жиІэурэ уси щыізэхилъхьэ щыІэт. Мыдрей си къуэшхэщи: Жорэ иджыпстуи уэрэд фІы дыдэу жеІэ, Юрэ профессиональнэ музыкантщ, Музтеатрым и хормейстер нэхъыщхьщ. Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ, КъБР-м искусствэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэщ. Мы Іуэхугъуэми зыгуэркІэ епха хъунщ къалэм къызэрысщтар.

КъыпхуэмыіуэтэщІыну къулейщ адыгэбзэр

БЗЭМ и мыхьэнэр псоми кьыдгуроІуэ. Ар кІуэдмэ, лъэпкъри кІуэдащ жыдоІэ. Литературэм куэд и пщэ къыдохуэ ар хъума, егъэфІэкІуэ хъунымкІэ. Абы езым псэуэ лытыр бзэращ. Сыт хуэдэ тхыгъэри, минрэ гупсысэщхуэхэр къыщыІэтами, бзэ дахэкІэ, щэрыуэкІэ мытхамэ, фагъуэ мэхъу, гум дыхьэркъым. Щапхъэ зытепх хьун Іэджж бзэ и лъэныкъуэкІэ дэ диІэщ. Щапхъэщ, псалъэм папщІэ, Къашыргъэ Хьэпащіэ, КІэрэф Мухьэмэд, МафІэдз Сэрэбий, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Мэзыхъ Борис сымэ я прозэр, Сокъур Мусэрбий, Шэвлокъуэ Пётр, Хьэкіуащэ Андрей, Къэрмокъуэ Хьэмид, Кхъуэлуфэ Хьэчим, Нало Заур, Іутіыж Борис сымэ я публицистикэр. Зи цІэ иужь кьисІуаитІым усэбзэр тельыджэу ягъэшэрыуэ. Усэбзэм икъукІэ йогугъу Бещтокъуэ Хьэбаси Ацкъан Руслани. Я цІэ-унэцІэкІэ кьезмыбжэкІми, дэ ди мащІэкъым бзэм гугъу зыдезыгъэхь тхакІуи усакІуи. КьыпхуэмыіуэтэщІыну къулейщ адыгэбзэр. ЩІэх-щІэхвыурэ кьытедгъэзэжурэ щІэдвгъэджакІыж ди Іуэрыіуатэр. Дыкъебгъэджэж Пащіэ Бэчмырзэ, Щоджэнцыкіу Алий, Агъонкъуэ Пашэ, КІуащ Бетлан сымэ я Іэдакъэщакіхэм. Зыщыдвмыгъэгъупщэ ди адыгэ псалъэжьхэр - псалъэуха къэс зы тхылъ Іущ хуэдиз хъуэхэр. Кьыітщэхъуэ сабийхэр - ахэращ псом ящхьэр - едвгъэгъаз анэдзэлъхубзэр фІыуэ ялъагъуу, Іэзэу ирипсэлъэфу, иритхэфу, зыхедвгъэгъащІэ абыхэм бзэм и Іэфіыр, едвгъэгъэлъагъу и дахагъыр.

Литературэр гъащІэм и гъуджэщ

ЛИТЕРАТУРЭМ и кьалэн нэхъыщхьэу дапщэщи щыту сэ сщІэр зыщ - гъащІэр художественнэ Іэмалхэмкіэ пэжу къэгъэлъэгъуэнырщ. Аращ абы «гъащІэм и гъуджэкІэ» щеджэри. Абы хохьэ зи хьэл-щэнкІэ, зи Іуэхущіафэхэмкіэ, зи дуней тетыкІэкІэ зэхуэмыдэ цІыху щхьэхуэхэм я образхэр Іупщ1у, уи фІэщ хъуэу, гъащІэм уэзрыщирихьэлІэм хуэдэу къэгъэлъэгъуэныр. Ахэр къызэрыбгъэщІыфырщ зэлъытар уи тхыгъэр фІы хъунуми Іей хъунуми. А кьалэным зихъуэжькъым. Апхуэдэуи зихъуэжьыркъым литературэм укъызыхуриджэм. Ар дунейм цІыхуу утетынырщ, гъащІэр уи гуащІэкІэ зэребгъэфІэкІуэным ухущІэжьынырщ, захуагъэм, цІыхухэр зэхуэгъэздэным, псэукІэ дахэм, къэкІуэнум ущІэбэныныр щ. Пэжщ, зэман щхьэхуэхэм абы укъыхуреджэ Іэщэ кьапщтэу зыкъэпІэту революцІэ пщІыныи, Іэщэнщэу унафэ ткІийхэр кьапщтэурэ хабзэ пыухькІахэм тету зэхъуэкІыныгъэ ебгъэкІуэкІыныи. Апхуэдэхэм дежи литературэм зэрихуэр зы Іуэхущ - гъащІэр уэзщІыныщ. Литературэм и пщІэр нобэ хуэдэу щехуэхи щыІэщ, икъукІэ лъагэ щыхъуи кьохъу, ауэ абы и мыхьэнэр кІуэдыркъым, и кьалэным зихъуэжьыркъым.

Тхыбзэ зэригъуэтэр куэд мыщІа дэ тхуэдэ лъэпкъ щІыкІум и литературэм щІэгъэхубжьауэ зиужьын хуей хъуащ. ЦІыкІуэр школым зэрыщедджэн учебник зэкъуэтІакъуэ фІэкІа диІакъым лІэщІыгъуэ кІуам и пэщІэдзэм тхыбзэ щыдгъуэтам (я гугъу сщІыркъым урысыбзэкІэ тхэуэ щыта Нэгумэ Шорэ, Хьан Джэрий сымэ зэуэдэхэм).

Нобэ еплъ: литературэм и жанр псоми Іэкіуэлъакіуэу иролажьэ ди тхакіуэ-усакІуэхэр. Абыхэм я Іэдакъэ къыщІокІ лъэпкъышхуэ куэдым илъэс щэ бжыгъэкІэ зэрагъэпэща литературэхэм япумыдзыхьи тхыгъэхэр. Апхуэдэу зиІэ лъагапІэ гуэрхэм унэсныр ехъулІэныгъэшхуэщ, абы гугъуехь зэрыпыщІари гурыІуэгъуэщ. Дэ кьызздэкІащ лозунг щыкІэ, кІий-гуо, щхьэфэтегъэцІэфт, егъэлеиІуа, пэжщІэуфэ, пцІыгъабатэ, унафэщІ и Іуэхутхьабзащ тхэкІэр. «Ди гъащІэр щІэращІэщ, догуфІэ, дотхъэж, коммунизмэм дыхуокІуэ» жыхуэтІэхэр Іэщіыб тщІащ. Нобэ пэжырытхэ хъуауэ жыпІэ хьунущ ди литературэр, ар куущ, Іущщ. Пэжу, ныкъусаныгъэншэкъым иджыри. Тхыгъэ фагъуэ, кьарунщэ гуэркэри дунейм кьытохьэ. Сэ си щхьэкІэ сыкъагъэуІабжь ди уэрэд куэдым - усэм зи Іуэху хэмылъхэм макъамэ дахэхэм щІалъхьэ псалъэ мышыухэм. Апхуэдабзэщ «ЖыІэгъуэ» зыфІаща жанрыщІэми и нэхъыбапІэр. Зыкъомым хъунри мыхъунри зэхапщэурэ ауи жыжьэу мышэрыуэ «псалъэ шэрыуэхэр» кьагъэщІ.

Сэ си ныбжьхэм ди гъуэгуанэм «зэпычыгъуей Іыхьэ» гуэр иІамэ, ар ягъэ лъабакъуэкэр щытчарауэ кІыщІэжьынщ. Дэ дриІуакъым щэщІ гъэхэм щыІа техэм тет куэдым я лъагъуэ. Дэ кьыхэтхащ «гупсысэр куэдрэ псалъэр мащІэу» жызыІа Тхьагъэзит Зубер сымэ я гъуэгур. КІэщІу жыпІэмэ, щыщыуэгъуафІэ ныбжьым дыщытам зыщыщдмыгъэузэн тхузэфІэкІащ. Щыгъуаз зытщІырт ди къэралышхуэми хамэ щыпІэхэми я усыгъэ пэрытхэм, дызыдэпльеипхъэхэри къэдгъэытырт.

Зэчий, Іэзагъэ, щІэныгъэ

«ТХЬЭМ къыбгъэдилъхьа зэчий» жыхуэпІэр зимыІэм тхакІуэкІи усакІуэкІи уеджэ хъунукъым. Ар гурыІуэгъуэщ. Мыри Іупщіщ: тхакІуэпсэ, усакІуэпсэ пІуту укъалъхуами, жыпІэфынур дахэу, гум дыхьэу къызэрыпІуэтэн Іззагъэ зэбгъэгъуэтын хуейщ. Іззагъэр къыгъэхыпІэ имыІэу епхащ щІэныгъэм. Аращи, тхэ цІыхур игъащІэ псокІэ еджэн хуейщ.

БИЦУ Анатолэ.

● Банк Іуэхухэр

Іэмал тынш хуагъэлъагъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм коммунальнэ Іуэхутхьабзэхэм я уасэр «Автоплатёж» Іэмалымкіэ ят хъунущ. Абы папщІэ, щІыпІэ куэд къызэщІэзыуБыдэ банким (мобильный банк) пыща Хъумапіэ банким и картэрэ жып телефонрэ яІэн хуейщ.

«ЖКХ-м и автоплатёж» Іуэхутхьабзэр мы щІыкІэм иткІэ зыдэлажьэ цІыхум банким мазэ къэс зыпещІэ, зи чэзу пщІэр зэрыхъур смс Іэмалкіэ жреІэ. Іуэхутхьабзэм хэмейм, апхуэдэ щІыкІэкІэ банким хъыбар кьригъэщІэж хъунущ. Армырамэ, жыхуаІэ ахъшэ бжыгъэр и счётым занщІыу хагъэкІ.

«Автоплатёж»-кІэ итынумрэ щитыну пІалъэмрэ езым игъэбелджыныну хуитщ. А щІыкІэм тету, республикэм щыпсэуэхэм Интернетымрэ телевиденэмрэ хуэзэр ят хъунущ.

- ЦІыхухэм я зэманыр къахудэдгъэхуэн мурадкІэ, нэхъ Іэмал тыншэр яхудогъэльагъуэ. «Автоплатёж»-р къэзыгъэсабэпхэр чэзум хэтынукъым, я счётхэри и пІалъэм хуатынущ, - жеІэ «Урысейм и Хъумапіэ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ Урысбий Хьэмидий.

«Автоплатёж»-м и Іуэхутхьабзэхэм банким и хэщІапІэ псоми фыщыхьхьэ е «Хъумапіэ банк-Онлайн» Іэмалкіэ зыпыфщІэ хъунущ. Ахэр пщІэншэщ.

Урысейм и Хъумапіэ банким и щІыналъэ къудамэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

● ЖыIэгъуэхэр

ФIыщIэм пэплъэурэ губгъэн къахь

♦**Гум щIыхьэнум щхьэр хуиткъым, щхьэм ихьэнур гум ищIэркъым.**
♦**Дунейр кIэкIэ зумыхьэ: абы щхьэ хуейщ.**
♦**Жэл зытемыха щхьэр къэбщ.**
♦**ЕпщIар къозыщIэжым лей къуихыу къыпщохьу.**
♦**Жейр птеумэ, гупсысэр къыптоуэ.**
♦**Жьажьэр екъэнумэ, унафэ ищIыну хуожьэ.**
♦**ПщIыхьапIэ дыдэри пщы телъхьэпIэу къагъэсэбэп.**
♦**Сэбэпынщэр зэхэзехуэн пщIымэ, и зэран къокI.**
♦**Утыкум нэсам гъуанэдэсыр хуопсалъэ.**
♦**ФIыщIэм пэплъэурэ губгъэн къахь.**
♦**ХуэзфIэкIынур IэпэдэгъэлэI зыщIым зыпэмылъэщынум зыкIэрещIэ.**
♦**Узыхуэныкъуэм Iэуху куэд къыплъыкъуокI.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

Гур зыгъэтыншыжар

Ауан

Бэзэрым кьытехьащ Хьуэжэн, Iэщ щапIэмкIэ екIуэкIащ, жи. Бжэн зыщэу щыт лIым бгъэдыхьауэ йоупщI: «Слло, къуэш, мы «жыгГъэкIым» и уасэр?» - жеIэри. Лыр занщIэу къэгуфIащ: «Уэр хуэдэу мыбы хуэфащэ цIэ фIэзыща сэ нобэм къэсыху срихьэлIакъым. Апхуэдэу ущишэрыуэкIэ, тхьэ соIуэ, уэ пфIэзмыхьи мы си «жыгГъэкIыр». МобыкIэ кIуэцIрыкI пыIащхьэм тумэниплкIэ кьыхэт жери нобэ пьэндэм сигъэсэурхьым. Ауэ, кьащ-тэ, тхьэ соIуэ, уэ тумэнищкIэ уэстынкIэ, зы бжьи уезгъэфэжу».

Хьуэжэ бжэн къэщэхун муради иIэтэкъым, зы бжьэ ефэну кьежьауэ гъусэт кьилъыхъуэр. Ауэ апхуэдэ блигъэкIынт?! Абы Iэмал кьыхуигъэтынтэкъэ Хьуэжэ?! «Уэ жыпIэр пэжмэ сеупщIынкъэ мобы», - жиIэри, бжэным тумэниплI кьезыту жыхуиIа пыIэщхьэм Хьуэжэ лъэщIыхьэри къигъэувыIащ.

- Мо бжэным тумэниплI ептыр пэж?

- Тхьэ сыгъэIэ, изэткIэ, идэркъым армыхъумэ.

- АтIэ сэ кьуезэгъэтынщ ар тумэниплкIэ.

- Тхьэ сыгъэIэ, зы бжьи уезгъэфэнкIэ, кьызебгъэтмэ.

- Къащтэ атIэ уи тумэниплIыр, уэри модэкIэ лъэныкъуэ зынегъэз.

Арати, Хьуэжэ бжэныр тумэнищкIэ кьищэхущ. «Зы бжьэ себгъэфэныр пэжмэ, зумыгъэгувэу мо шей ефапIэм накIуэ», - жриIэщ кьыздищэхуа лIыми, бжэныр бэзэрым кьытрильъэфащ.

Тумэн кьыдигъэхуар и гуфIакIэ жыпым иригъэзагъэри, Хьуэжэ бжэныр пыIэщхьэм иритащ. «Зы бжьэ себгъэфэныр пэжмэ, зумыгъэгувэу мо шей ефапIэмкIэ накIуэ», - жриIэщ абыи езыр ежьащ.

Куэд мыщIэу щыри зэхуэзэжащ. АдэкIэ къэхуам сыткIэ ухуей?! Ари апхуэдэхэм деж къэхъуэжэм ещхьыркъабзэщ. Сыту хъуми, Хьуэжэ хэкIуэдакъым. Я хьэблэ щIалэхэр кьыхуэзэзри, я унэ яхьыжащ. Ущэдджьыжьым тумэнри игъэтыжакъым. ЗыгуэркIэ кIэрыхуу кIуэда и гугъэри хуабжьу гуззэат, ауэ пщыхьэщхьэм зэрырифар кьыщыжраIэжым, и гур тыншыжащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд.

«**Вагъуэ цIыкIухэр**» **къофэ**. *Сурэтыр* **Елькъэн Артур** *трихащ.*

Щэбэтыкъуэ

Адыгэ хъыбарыжь

Пщы Щэбэтыкъуэ и тетыгъуэт.

ВакIуэ дэкIыгъуэт, арщхьэкIэ пщыр гъэзгу тетти, абы и ИзынIшэу вакIуэ дэкIын иракуртэкъым. Пщыр къогувэ, гъатхэри къэсащ.

- Пщым дежьэурэ ди щIыр къинэжынущ, сыт тщIэнур? - жаIэри зэхэсащ.

Нэхъыжьэр зэчэнджэщри, пщым пэмыплъэну зэгурыIуащ:

- Щэбэтыкъуэ делэкъым, дызэхищIыкIынщ, - жаIэри.

ДэкIащ вакIуэ.

Куэд мыщIэу пщыри къахьыхьэжащ. Езым и Iэзынщэу кьуажэр вакIуэ зэрыдэкIар кьыщищIэм, сабэ дрипхьеящ, кIиящ-гуоуащ:

- Яхуэздэнкъым! Сэ кьыщыспэмыплъэфакIэ, кьагъэзэжу щэщ схуащIыху, зы вагъэбдзумэ гуахьу здэнкъым!

Бейгуэлэр игъакIуэри, цIыхухэр кьуажэм кьыдригъэхуэжащ. Сыт ящIэнт: пщыр залымт, упэуэ хъунутэкъым.

- Щхьэ и ней кьытщыхуауэ пIэрэ пщым? Дэри Тхьэм дыкъигъэщIащ, сыт псэугъуэ кьыщIыдимытыр? - мэшхыдэ лъэукъуэлIэхэр.

- Нэхъыжь гуэр пщым деж дывгъэгъакIри, жуаП кьеIыдгъэх, - жари зэгурыIуащ.

Къуажэм я нэхъыжь дыдэр пщым деж ягъэкIуащ.

- Щэбэтыкъуэ, - жиIащ лIыжьым, - гъэр кьэсащ, вакIуэ ихьа цIыхум щхьэ кьебгъэгъэзэжа? Щэщ ухуеймэ, пхуэтщIынщ, ар пIэщIэгъэкъым, вакIуэ дыкъигъэхьэж закъуэ.

Пщым идакъым:

- Сэ си псалъэ тIэужьIэкъым: шэщ схуэвмышIауэ вакIуэ фыдэкIыу здэнукъым.

- Зы тхьэмахуэкIэ дыкъихьэжынущ вакIуэ, итIанэ пхуэтщIынщ.

- Сэ сыпщыгъэкъым, си псалъэр тIэужьIэ хъууэ щытатэмэ. Си унафэр унафэщи, вгъэзащIэ!

ЛIыжьым зыхуэшыIэжакъым:

- Щэщыр пхуэтщIынщ, Щэбэтыкъуэ. Зы тхьэмахуэ дыгувэкIэ дылIэнкъым. Ауэ, зыгурыIаIуэ, нобэ щIэщIэдзаэу узибийщ: ятэ дыщыIэжхуэзэ ди пIалъэщ. Тхьэ соIуэ, сыпфIэмыкIынкIэ, уэри, укъыспэлъэщмэ, укъысфIэмыкI!

Ар жери лIыжьыр пщым и пщIантIэм кьыдэкIыжащ. А тIур щыIэпсалъэм зыми зэхихатэкъым...

Пщым и унафэр унафэти, выр щIатIыкIыжри, Щэбэтыкъуэм шэщ хуащIащ, шэщыр щIын яухри, цIыхухэр губгъуэм ихьэжащ...

Куэдрэ пытынт - яухри вакIуэ къихьэжащ.

Махуэ гуэрым пщы Щэбэтыкъуэ щакIуэ кIуащ. Пщым и закъуэт щагъакIуэ кIуэ зэрихабзэр. Хьэджафэжьыр и ужь иту дэкIыу щилъагъум, псалъэ зыта лIыжьыр кIэлъэжьащ, и цей щIагъым фокIэщIыр щIигъапщкIуэри.

Пщым мэзыр куэдрэ къиущыхьагъэнщ.

Лъагъуэ пхэнж гуэрым щызэIуущ пщы Щэбэтыкъуэмрэ лIыжьымрэ.

- Кьауэ, Щэбэтыкъуэ! - жиIащ лIыжьым. - Си псалъэм сепщIыжынукъым. Ятэ уэгъуэр узот.

Пщым и фIэщ хъуакъым:

- Дедэ хъуащ, лIыжь! Сыт узыхэтыр?!

- Сызыхэтыр уэ уощI! ТIум яз щIым щIэмыхьауэ, кьуажэм сыдыжьжьынкъым! Кьауэ!

И фочыр узэда хьэзырти, пщым кIакхъур щIигъащ, арщхьэкIэ лIыжьым къытехуакъым.

- Уэ уи псалъэ тIэу жыIэ пщIын уи жагъуэщ, сэри кIакхъур тIэу щIэсч си хабзэкъым!

Еуэри пщыр кьригъэпсыхащ, бгъэдыхьэри, и афэ джанэр кьыщихащ, и пащIкIэр кьыпигъэхури, и бгъэгуштлъэм ирилъхьащ. Къежьэжрэ пэт я кьуажэ лIит кьрохьэлIэ.

- ФIтэгъуэ мыбдеж кьыщыхъуар?

- ТIъэгъуащ, тхьэмадэ. Дэращ ар щIэпщIар...

Пщым и хьэдэр щIатIэри, щыри къежьэжащ.

Иужьым тхьэмадэм уэрэд иусыжащ:

Сэ сщIэ псори жысIэжмэ,
«ЛIыжь щхьэщыгъхъу» къысфIащ.
Сэ си мыщIащхьи
Пщы Щэбэтыкъуэ хэзгъэщIащ...

ШыкIэпшынэкIэ дежьуэ, лIыжьым абыкIэ зиумысижыгъащ.

ТхьэхущыкIэ Ланэ.

● Тхьытъыщ1э

Адыгэ амазонкэхэр

Иджыблагъэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ Ахьмэт МуIэед и «Прогнавшие богов или Амазонки» романыр.

АХЬМЭТЫР и IэщIагъэкIэ уэхуакIуэщ, ауэ тхэнми хьарзынэу хэзэгъащ. Абы уси прози етх, ахэр журналхэми газетхэми къытехуащ.

«Прогнавшие богов или Амазонки» романыр нэхъапэкIэ Ахьмэтым итха «Адыгэ амазонкэхэр» тхылъым къыпызыщащ. Абы лъабжьэ хуэхъуащ хъыбарыжьхэр, адыгэ IуэрыIуатэр, топонимикэ къэхутэныгъэхэр. Романыр щитхым МуIэед къигъэсэбэпащ пасэрей тхыдэджэхэм я лжьыгъэ хуэд икIи ятэу утыку кьрихьащ нартхэм я гъащIэр амазонкэхэм я тхыдэм быдэу пыщIауэ зэрыщытам теухуа художественнэ еплъыкIэр.

Романыр удиныжьхьэу, щIэщыгъуэу тхащ. Абы и тиражыр 1000 мэхъу.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Шатэпскlэ гъэбэкъуа джэдыщlэ

● Лъэпкъ шхыныгъуэ

Джэд гъэкъэбзар Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпкърах, къэкъущыкъу лам иралъхьэ, шыгъу трагъэщащэ, фIыуэ зэIащIэри, и щхьэр теплъауэ щагъэт. АпщIондэху шыуаным ит тхъу къэплъам Iупщ1э цIыкIуурэ бжьыныху хальхьэ, зэIащIэурэ мафIэ цIыкIум тету ягъэлыбжьэ. Тхъуэплъ мэжьу щцжаIэм, шыбжий плъыжь сыр хьэжа хадзэри, зы дакъикъэ хуэдэкIэ ягъэлыбжьэ. Абы джэдыл шыуар халъхьэ, шащхьэ щIакIэ, и щхьэр трапIэри, хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ, мафIэ щабэм тету. Хьэзыр хъуа ерыскъым джэдгын траудэ, и щхьэр трапIэкри, дакъикъэ зытхуххIэ щагъэт. ЗэрызэщIэлъу тепщэчым иралъхьэри, пщтыру яшх. Пластэ, чыржьи, мэжаджэ, хьэлламэ, щIакхъуэ дашх. Къэуатщ, Iэфщ, гурыхьщ. Шащхьэ щIакIари, шыпсым ещхьу щIэтщ.

Халъхьэхэр *(цIыхуитI Iыхьэ):*
джэдылу - г 500,
тхъууэ - г 40,
бжьыныху укъэбзауэ - г 30,
шащхьэу - г 350-рэ,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдизэ.

*«**Адыгэ шхыныгъуэхэр**» **тхылъым къитхыжащ**.*

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1**. ... зимыIэм дзажэпкъ иIэщ. **6**. Си ныбжьэгъум ... ищIри, нэгуэгъэжьакIуэ дежьащ. **9**. Ефэндым уаз щиту мэжджытым хэт щIыпIэ. **11**. «Мазэгъуэ ... » - Молэ Владимиррэ Джэдгъэф Борисрэ яуса, Сокъур Ольгэ игъэзащIэ уэрэд цIэрыIуэ. **12**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъуэ. **13**. Зеинщэ. **14**. Бзэрбэн ХьэпIутIэ и ужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору щыта. **15**. Шыр зэрагъэIэсэ кIапсэшхуэ. **16**. Гъэмахуэм Iэщым я фэр изых бадзэжь. **18**. Шэ нэхъыбэ къыщIашын хьисэпкIэ, жэмхэр зрагъафэ «пивэ». **20**. Данэ щэкI пIащIэ. **23**. Къуацэ-чыцэ. **24**. Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм ящыщ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ. **25**. Зэпымыуэу уэс зытелъ бгыщхуэ. **26**. Щыхь ин лъэпкъ е цIыху къаруугъуфIэ. **27**. Губгъуэхэм, хьупIэ жьыжьэхэм щылажьэхэр зыщIэс унэ цIыкIу. **28**. Зиусхьэн лъэпкъ. **29**. ЩIакхъуэ ... е хъарбыз ... **32**. Журт Биберд и повесть цIэрыIуэ «Си сабиигъуэм и ...», е щыхупIэ псыхъуэ нэпкъ лъагэ. **38**. ПщIыхьапIэ зыльэгъуэм иIуэтэжа нэужь жраIэ: « ... ухъу!» **39**. Ди гъунэгъум Iэщ ... зэрирГэпэщащ. **40**. ... цIыкIу бжьакъэшхуэ. **41**. ... нэхъра лъэпхъуамбыщIэ. **44**. ГушыIэр ... и щIасэщ. **45**. Адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ.

Къехьу: **1**. Хадэ ихьэпIэм, Iуэм хуащI бжэ. **2**. Къуалэбзу кIэдыкъуакъуэ бгъэгуху цIыкIу. **3**. ШкIэ мэжэIам и ... макъ къэIуащ. **4**. IэщIэвыщIэ щагъашхэ ... фермэ. **5**. Уафэм къех мыл тыкъыр цIыкIу. **7**. Зы пцIым ... егъэулый. **8**. Ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр апхуэдизкIэ яфIэтелъыджащи, хамэщI къыкI хьэщIэхэм ... щIынапъэу къалъытэ. **9**. ЩIыпIэ хуабэхэм хьэлъэзехьэу къыщагъэсэбэп псэущхьэшхуэ. **10**. НэщI мазэм и кIэхэм хуэмыщIауэ псэухэм ират ахъшэ. **17**. Унэхъуам щхьэкIэ жаIэ: «И кIэр бжьыхьм ...» **18**. Къэушырыба, къэпща. **19**. Спорт зэхьэзэхуэм 2-нэ увыпIэр къыщыщIэхьам ... медаль иратащ. **21**. Тутнакъэщым нэгъуэщIу зэреджэ. **22**. Нащэ, помидор хуэдэ фIэIугъэ щыхэхалъхьэкIэ хакIэ. **30**. Витамин къэду зыхэлъ пхъэщхьэмыщIхэ щыщ ящыщ цIыкIу. **31**. Гъырина. **33**. Нэхъыжь тIысыпIэ. **34**. ЩIыгъынышIэ зыдалъхьэу, щхъумэу унагъуэм яIэ. **35**. КъБР-м щыщу щIынальэщым чэзуэрэ я парт унафэщIу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **36**. Абы и макъ щымыIумэ, хьэгъуэлIыгъуэр дахэ хъурэ? **37**. Армэм къулькъу щIыщIэ щIалэщIэ. **42**. Апхуэдэ псышхуэу дунейм тетыр зэрыхьэр плIыщ. **43**. Бын.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ**.



Бадзэуэгъуэм и 16-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1**. Жэм. **2**. Мэкl. **7**. Джугашвили. **8**. Мащэ. **9**. Кугуъ. **10**. Къуэпс. **13**. Сэджьт. **14**. Мылыф. **17**. Къэрэгъэш. **18**. Акъ. **19**. Уд. **20**. Алэрыбгъу. **23**. Выбжьэ. **24**. Бланэ. **28**. Шэнт. **30**. Къру. **31**. Пхъэр. **32**. Дзэлыкъуэдзэс. **33**. Хьэм. **34**. Хьв.

Къехьу: **1**. Жэрумэ. **3**. КIэпъуасэ. **4**. ШIхьэ. **5**. Пшагъуэ. **6**. Къулыкъу. **11**. КIытэ. **12**. Ныджэ. **13**. Сахаров. **15**. Фэндырэ. **16**. ХьэкIурт. **21**. Лажьэ. **22**. Болэ. **25**. Пшэрыхь. **26**. Ерокъуэ. **27**. Хрущёв. **29**. Тхьэгъу. **31**. Пхъэх.

ФIыуэ слъагъум сыIуплъамэ

● Зы уэрэдым и хъыбар

КIэ имыIэу утепсэлъыхьыфынущ гуапагъэ, дахагъэ, лъагъуныгъэ къызыхэщ уэрэдхэм. КIуэрыкIуэм тету къагупсысами унэм щIэсу, ятхми, абыхэм къаIуатэр цIыху гъащIэрщ. Уи щхьэм ебгъэщхьу, уи гъащIэм ебгъапщэу куэд къахокI. Арауи къыщIэкIынщ тыншу гум щIибубыдэфыр апхуэдэ уэрэдхэр. Нобэ дызытепсэлъыхьыну уэрэдри куэдым фIыуэ яIъэгъуэхэм ящыщщ. Зи гугъу сщIыр КIыщокIыуэ Алимрэ ТхьэбысыкIэм Умаррэ зэдатха «ФIыуэ слъагъум сыIуплъамэ» уэрэдращ.

Сыт хуэдэ хъыбар иIэ абы?

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и цIыкубэ уакIуэ КIыщокIыуэ Алим и псалъэ щIэлъу уэрэд гуэрым сыщытепсэлъыхьым къыхэзгъэщат абы и шыпхъу Хьамсинэ къызжиIэжауэ щыта зы гукъэкIыж. Абы жиIат Алим гухэлъ зыхуищIа, Кэнжэ къуажэм дэса пащащэм хуитха усэхэр зи лъабжьэ уэрэд зыбжанэ дунейм къыздэкIыжащ. Мы уэрэдри абы-хэм ящыщ зыщ.

- Алим абы щыгъуэм и щIалэгъуэт, и дахэгъуэт. А хъыбарыр Iуэрыуэтэжу дэри зэхэтха мыхъумэ, дызэрынэхъыщIэм къыхэкIыу, и щхьэ течауэ ди дэлъхум деупщIыфатэкъым Iэхуум и пэжыпIэмкIэ, - жиIащ Хьамсинэ.

Усэр зэрыхуа тхылъыр къызэрыдэкIыу абы гу лъызыта композитор Тхьэбысыкъ Умари куэдрэ гупсысакъым макъамэ хуитхын папщIэ.

ЗэрыжаIэжымкIэ, Тхьэбысыкъ Умар зы хьэл гъащIэгъуэн хэлът: сыт хуэдэ уэрэд имытхами, ар езым ятэу имыгъэзэщIауэ зыми иритыртэкъым. Мы уэрэдыр цIыхубэм апхуэдизу ягу щIыдыхьам и зы щхьэусыгъуэу къыщIэкIынщ ар Тхьэбысыкъым зэригъэзэщIар. Абы и уэрэд жьыкIэр зыми ещхьтэкъым. Тхьэбысыкъым иужькIи куэдым ягъэзэщIащ мыр.

- «ФIыуэ слъагъум сыIуплъамэ» уэрэдыр зымыгъэзэщIа зы уэрэджьыкIыу ди зэманым щыIакъым, - жиIат РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Сосмакъ Валентинэ.

А уэрэдыр иджыри куэдым ягъэзащIэ.

ХЬЭПЦIЭ - КIУНТIЫЩ Аннэ.

* * *

Бжьыхьэ жэпым дыгъэр тепсэм,
Ар уэсэпсу мэкIуэдыж.
ФIыуэ слъагъум сыIуплъамэ,
Си гукъеуэр сщхьэщокIыж. } щэ жыIэн

МыIэрысэм игъуэ мыхъуу
И мэ Iэфыр къыпимыж.
Лъагъуныгъэр гум нэсакъым,
ЖыпIэу си псэр кьIуумыж. } щэ жыIэн

Сызыпылъым и щхьэц фIыщIэр
Лъэныкъуитlкlэ еухуэн.
А хъыджэбзыр къыздэмыкIуэм,
Си гум дауэ ар техуэн. } щэ жыIэн

Колхоз пхъащIэм унэ схуащIу,
Бгыкъухэр дахэу яухъэнщI.
Си лэгъунэр зэрауху,
МыкIуэ уядэм сэ хуэзгъэщI. } щэ жыIэн

Я нэхъ лъагэр Iуащхьэмахуэщ,
ЩIэгъэкъуэни ар хуэмей.
Уэ узиIэм, нэгъэщI фIыгъуэ
Сыщыхуейкъым мы дунейм. } щэ жыIэн



Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхуэ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; суратехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтекIуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхуэщ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эльэ,** *редактору* **Щоджэн Iэминат,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.).* *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1046